

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koe
Bestuur Pasoendan
Bogor.

di Tjandjoer
Bestuur Pasoendan
Tjandjoer.

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandung

SIPATAHOENAN

Soeraf Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditulisk di Drukkerij Soekapura Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi:
SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimosloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 assah. f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjiamis.

Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

Pangao ADVERTENTIE:
'/10 katja f 2,50 } Sakali moat
'/20 " f 1,50 } dibajar ti paoen
Langganan langkoeng mirah.

MULO PASOENDAN.

Sakoe maha noe parantos diwawardeun, Pasoendan baris ngadegkeun Mulo di Tasik. Ajeuna poetoesanana ti Pamarentah parantos katampi, dijadi dina ping 1 Juli 1928 teh Mulo Pasoendan ngawitan diboeka.

Ngoengngeng wartos, madjar hoream koe entree! Jaktos ari bade nganggo entree tea mah, namoeng ajeuna mah moal sapertos waktos ngadegkeun H. I. S. Pasendan, nepi ka saratoes perak. Koe bestuur Pasoendan, kalawan pirempagna wakil-wakil ti oenggal golongan, entree keur Mulo ditetepkeun sakirang-kirangna sapeloech roepia. Oepami aja noe kersa maparin langkoeng ti sakitoe, tangtos langkoeng sae, margi ari koe artos mah pagoejoeban teu weleh boetoeh.

Satiasa-tiasa entree-na kedah dibajar dimana moeridna ditampi lebet ka Mulo. Keur noe dijadi sepoeh moerid stoeran ieu tangtos langkoeng sae, djalaran dina waktos ngalebetkeun mah teu kedah majat bajaran sakola. Oepami diengke engke matak oge djadi kaabotan, da nja kedah ngabantoon bajaran, nja kedah entree.

Oepami dibandingkeun sareng kedah nganteurkeun boedak ka noe tebib oepamina bae ongkos kareta apina kenging disebat entree sapoeloech roepia teu seueur. Pertjanten pisan sakitoe mah moal matak dijadi kaabotan ka sepoeh-sepoeh moerid.

Djaba ti eta dina Sipatahoenan parantos aja advertentie geusan ngawartosan; saha-saha noe hajang lebet ka Mulo Pasoendan kedah bebedja ka kapala H. I. S. Pasendan. Maksadna ieu advertentie sanes keur noe nembe bade lebet, nanging keur noe ajeuna parantos aja di Mulo, oepamina bae ti Mulo Bandoeng bade pindah ka Tasik. Ari keur noe nembean mah poetoess koe njarios ka kapala sakola tempat boedak diadjar. Sapertos moerid ti H. I. S. Tjiamis, tjekek koe njarios ka kapala H. I. S. Tjiamis.

Noe bade pindah tea, kedah enggal-enggal ngawartosan, margi rampina noe moetkeun heula pandeuri datangna. Noe heula datangna, tangtos diheulakeun.

Indo djeung Inlander.

Goebrag, ragrag deui sirkelir ti Toean Besar ka para ponggawa anoe djiadari Sep, ngabewarakeun soepaja dina nampa pipagaweeus oelah ngahuleukeun Inlander pedah kaiulanderana, oelah ngahuleukeun Indo pedah ksindoanana, koedoe milih kaperloeana. Ieu teh sirkelir anoe djiadikatranan panjoesoeel sirkelir Pamarentah anoe ti heula, bisi ngahuleukeun Inlander, pedah saka djeugan Indo ngotjéh ut Volksraad madjar Indo kateier-teier, madjar Indo dianak-terekeun koe Pamarentah, madjar Pamarentah ngahuleukeun Inlander, ngan Inlander bae anoe dipoeadjoekeun.

Djeung kapan Indo geus odensi ka Toean Besar oendjoekan roepsa-roepsa, pamendoentana roepsa-roepsa, diselapan madjar kasedekkeun madjar ksepineuan koe Inlander tea deui meureun.

Toeh batoer mah kitoe! Toeh sakitoe taki-takina, sireum oge disebut gadjah, kalangkang oge padjar ririwa, koe batoer anoe keur sieun mah.

Naha enja Indo teh koe Pamarentah di-anak-terekeun?

Oerang teh, ari kana manah Pamarentah koe indjeun msh teu njaho, doeksa enja doeksa henteu eta Indo dianggap anak tere, oerang teu koe doe pipioeuan, kari koemaha diunja bae! Ngan karasana, kabireungeuhna, kadengeua, djeung boektiua tepi ka ajeuna, tjeuk oerang msh, Indo teh koe Pamarentah teu dibedakeun ti oerang Walanda, teu dibedakeun ti Nederlander, teu dibedakeun ti Eropéanen, estoe sareea dihargaanana djeung toean-toean ti nagri, sareeas bae dina sagalana oge djeung totok.

Kapan katingal sapopoë, nadjan anoe hedjo pisan oge, ari tjeupna Indo mah, lain Inlander, lain Haen, kabeh oge kelas toe, kelas menir, setateblad Nederlander.

Geura bae, apan: hoekoemanaya beda, gadjhona beda, kapangkatan beda, hakna beda, sehalma beda, teu sareea djeung inlander. Teu sareea na teh lain sabandapeun Inlander, tapi aja di saloehoeranana.

Mangga itoeng!

Aja sabaraha robeb kapangkatan anoe gadjhona leuwih ti f 500, anoe beunaug didioekan koe Indo?

Aja sabaraha siki kapangkatan anoe gadjhona leuwih ti f 500, anoe beunaug didioekan koe Inlander?

Mangga geura itoeng, bilang peuteu!

Euja bener aja tea mah anoe teu meunang didioekan koe Indo, tapi rea keneh anoe baradaga mah anoe teu diboeka keur Inlander.

Enja res Inlander jkelas gadjh leuitik anoe teu kasoro koe Indo, palebah dien moenggoe Inlander teu rek hawek, kop bae lamoe Indo dareaq djiadik djeuroestelis tjamat, dijadi heuleup, dijadi oepas, dijadi goeroe desa; gadjh toedjoech ringgit, lima wela! Bae!

Nsha ari eta henteu diparoendoet? Ngan sabalikna ajeuna anoe galede koedoe diboekaa deui pikeun Inlander, djeukka, enja tea.

Tjeuk, toetoekeearas - ari harajang djiadik oepas mah! Auanging oelah hawek matak sisihkan, papada poeteli agen, papada henleup, oelish Indo schaal C ari inlander schaal A. kedah saschal saharkat samartabat. Mangga teh teuing!

Palebah mana Inlander dileuwihkeunana ti Indo koe Pamarentah?

Tah ieu mah bagian oerang ngahulewab!

Djawab koering: TEU AJA, teu pisan-pisan Inlander dileuwihkeun ti Indo koe Pamarentah! Ieu teh karasa koe Inlander. Malah sawanggoelina, Inlander anoe ngarasa dibedakeun ti Indo, dibedakeun hakna dibedakeun harkatna, dibedakeun wetna deui, sareera pada oeninga, pada ngalamana lain ngan itoengan bae. Geura bae tingali.

Indo mah sakolana, sakola Walanda, ari Inlander na'lik sakola desa! Tjing bandingkeun ieuhoerna pangajaranana?

Anak Indo mah dina sataoen koe Pamarentah saerangna diongkosan pikeun kaperloean Onderwijsna zakitoe roepsa, anak iclander mah gituk ratana ngan zakitoe sen. Tjing bandingkeun!

Indo mah diasharkatkeun djeung boepati, ari Inlander mah djeung ki Haen bae; toeh Indo mah djeung tjeuk inlander sareeana! Tjing bandingkeun!

Lebah mana Inlander dileuwihkeunana ti Indo? Koemaha dina ditampana kana pagawean?

Tah ieu anoe padjar Inlander dihuleukeun sarta dileuwihkeun ti Indo teh, tjenah tjeuk Indo!

Anoe henteu tea, ieu teh! Anoe pamohalan malah ajeuna mah!

Eta tjenah geuning kadjadian di Bogor?

Tjing pek papaj kadinjah, naon sababua! Djing lamoe ngan kadjadian sasi, sase, zakali, naha eta teh koedoe dijadi sabab ujeboet Inlander dileuwihkeun?

Ari Indo dileuwihkeunana?

Her ieu mah geus teu aja itoengana!

Geura ieu aja kadjadian kieu di Djogja.

Di Sultanat Werken anoe dijadi sepus Walanda.

Hidji mangsa rek ngajaken pangkat Adjoen komis kaloearan Muo gadjh mititi f 150. Di eta kantor rea kaloearan Muo, mararenta eta kapangkatan. Koe toean Sep teu atjan kapilih. Djol nona ngalamar eta pagawean, koe sep ditarima maha gadjhna teh laim f 150 tapi dijeun f 200 pedah Walanda.

Tah kitoe tjarita orang Djawa anoe njaho kana eta kadjadian?

Saha ari anoe djarajat Sep kantor kantor?

Saha ari anoe kawasa milih pipagewean teh rereana ajeuna? Walanda atawa Priboemi?

Kilang kitoe padjar dihuleukeun bangsa priboemi. Anoe pamohalan tea ieu teh!

Abong abong!

Tapi noehoen pisan kana sirkelir Toean Besar, ance nandakeun kasilana. Ncehoen!

Ngan... oerangna oelah tjeting! Lamoe aja pilih kasih, Walanda dihuleukeun atawa oerang Priboemi disapirakeun dina ditarimanana kana gawe koedoe geuwat ngaganwang dina soerat kabar, oelah keu-

teu koe piboengkeman.

Soenda manis

Europeesch Onderwijs Reglement.

Tjek Bataviaasch Nieuwsblad tanggal 16 boelan ieu Februari; dina pashadreng Gedolegerden djrg. Dwidjoewoentoje djeung reerentjanganana njeata djrg. Socijono djeung Stokvis geus ngasorkeun hidji amendement soepaja dina reglement Eur. Onderwijs, dijaja ajat, jen dina ngagamen pikeun koedoe make examen parakteka ngadjar pikeun sakola Walanda.

Tapi ieu amendement katjida sialna, sabab anoe njotjogacana ngan opatan, toeh geus tangtoe dijadi parakarantjang kotoran teh.

Roepsa-roepsa anoe dipake sabab teu moepakat teh. Malih kasoeranen djrg. Djajadiningrat man teu aja goenana, anggoer ngabeuneurat bae ka examenandis (noe disamen), eukeur mah di

naa samen biasa oge, gens kasima, pek ajeuna ditambahan deui, toeh beuki tambah bae kasimana. Katoe-roeg-toeroeg, tangtoe engkana noe manreunang teh, meureun loba bangsa oerang noe menta ditempatkeun di

sakola Walanda, sarta moal beunang ditahan, ditolak, da geus boga hak

Djadi mending facultatief bae, en-

tong imperatif, Aja bae candidaat noe hajang disamen kitoe, tjeempoenan, henteu mah, montong. Enja ari koe kitoe tea mah, da nepi ka ajeuna teu atjan aja bangsa Ki Haen anoe boga Eur. bevoegdheid ditempatkeun keu di sakola Walanda.

Ari koering mah handjakal pisan eta amendment teu ditampta teh, sabab tadina geus kaerong, lamoe katampa tangtoe enja ajana Uuificatie dina hal onderwijs gal jampoe dijadi hidji, boedak oerang dijadar koe goeroe Walanda djeung bangsa oerang ngadjar boedak walanda.

Lamoe hasil kieu, tangtoe di dioja aja silih hargaanana, sarta baroedak Walanda diadjar atawa toeman ti leuleutik ngadjenanana ka bangsa oerang, oelah tjaara ajenna salawasna nogentjang.

Ari maranhanana koedoe dimenir, atawa dimenir, atawa oerang djeung neproh, tapi ari ka oerang mah gampleng ngaran gampleng ngaran deui bae, tara aja pisan noe njebot: „Neen, meneer Hadji Soekoor atawa ja, meneer Soetawidjaja.”

Da ti bareto naker koering mah ha jang sisa patjorokna teh, njetau tjaara noe bieu noe dipambriuh teh saperkara, kadoecana sapedah sok njareboet maneh baroedak bangsanana msh leuwih harade kalaikananana. Iantaran opvoeding di imahna, tjing jeta teu atoech sisa dialsikkeun koe bangsa oerang pribadi, naha enja atawa henteu.

Di enjana atawa dihenteuna tangtoe ka goeroe-goeroe bangsa oerang anoe ditempatkeun di dinja tea maha tamaan karanap, tpa ari oerang djeung tjeuk, lamoe teu aja bedana tjaara ajenna salawasna koe bangsa oerang bisa diharganana koe batoer atoech, ari kitoe galagatua mah?

Meureut anoe boga pikiran kieu mah ngahlang halangna teh, tjeuk tjenah koolit daki sorangan sasana masih keneb boga pikir kitoe. Na ira bangra oerang bisa diharganana koe batoer atoech, ari kitoe galagatua mah?

Etoeh ari kitoe mah, komo dengeun ngahlang halangna teh, tempegeun pisan kana tjeritaan Het Noord en, anoe njalahkeun ka noe ngabenoen Eur. Onderwijzeres dijadi ondergeschiktena Iul. onderwijzer, tjaara di Koenigau.

Ehhh... kitoe, koetan? Model. Saha deui noe rek ma'moem (noe-roetan).

Mangga sing seuseur!

Oea Nany.

CIBA - KLAS.

Tiori soelaja djeung praktijk! Noemoetkeun oengane G. B. 13 Januari 1928 tea, tetela teu aja, ciua klas atapapi Mulo anoe ngawoengkoel pikeun piosraveun teh, di di dinja mah anoe disebatkeun moerid anoe ditampa ka Osvia teh geuning ti sajana Mulo bae, sok moen ujosempaan kamistianana.

Nangging boektina, bet beda ti bisoetna, toer bisloet goepernemen piyan (G. B.) deui.

Weih koering mah teu ngarti, naha bet kitoe, naha diroba deui kitoe? Atawa koemaha tea ieu teh baksoena, mana matak bingoeng kabina-bina teuing? Abong oesem riweuh, bet

erang di ditoes mah geus teu woe-doe loba kakawasaanana, malah di-sebotna oge geus Wetgevende Raad, tegesna anoe geus dipointoes di dinja teh jadi wet. Henteu tj-ra di oerang, kalolobaanana anoe dipointoes di Volksraad teh, ngan oekor jadi advies, tegesna dack bae goe-goe, henteu bae entong.

Atoe onderwijsna geus teu koedoe ditjaritakeun, da ajauw roepa-roepa sakola loehoer oge, ari noeroetkeun pakabaran saari-ari mah, geus ti bare-to piisan, memeh di oerang bareunta, di ditoes mah geus baroeringgas. Boektina bae geuning, n'e tingal-bring dagang elmoen-oem, djeung ngamen 'soelap, bet geus naraiostos bariés ngomong bassa Englan, sarta geus bararisa dagang olo, malah sakapeung mah sok dagang tipoe ka oerang teh.

Ana ras ka dinja, meureun anoe pinalangsaeun teh lain koering bae sorangan, tapi noe sanes oge moal bina, ja 'poegoeh koe sadajana oge karaos djeung katingali, jeu bangsa oerang teh, geus poegoeh koe kaom overheerschers (noe marentah), tjtakan koe sasama kaom overheerschters (noe diparentah) oge, maloeloe didji-eun kuhiroepan saenover-oemoer.

Salah saha? Sulah oerang sorangan bae eta mah, bongan teu mikir ti leulentik, da ari njalahkeun ka baoer mah, bisi koemaha onam, bisi kadenge koe tjaktjak.

Ajeuna mah rek zoemerah bae kana timbaungan djeung panjebot anoe loba, nahe pamarentah noe mana noe leuwih habe teh, naha Inggris naha Walanda?

Djeung mana noe leuwih madjoe-keun atawa mikanjaah ka kolonialna, anoe poerah mere kahiroepan ka kaomna, naha Inggris atawa Walanda?

Kabel kabeh di dinjana mah, koerring pireu teu gadoeh setem.

Sakitoe paparentahan di Britsch Indie democratischna geus leuwih ti batu di oerang, misih keneh bae diomean tjenah koe loelohoerna ti Englan. Ajeuna geus njien deui hidji hervorming soun misie, dikapalan koe Toewen Simon, pikeun ngarobah (ngahadean) oeres oeresan paparentahan.

Sanadjan ieu maksoed sakitoe badea, tapi teu ketdeuh . . . , sakabeh kaom nationa isten di ditoes geus pada njieu protest, lantaran teu panoedjoe kana samenstelling eta commissie, sabab loba elid elid anoe henteu njarah-bener kana kaajaanana ta-nabna. Malah basa eta commissie tea daratang ka nagarana, di sababaraha tempat kaom nationalisten geus ujarieun demonstratie, dikapalan koe leiders djeung student student, nembongkeun kateupanoedjoeanana kana ajana eta commissie, ngan teu nepikeun ka djadi oeres ara gede bae.

Bentoetna, nja loba noe dikaboei-keun ditaraan, sapelah geus njieu pagoedjroedan.

Lain ngan dipiloearan bae njarieun-na actie kitos teh, tapi teroes ka djeroanana.

Noeroetkeun Bat. Nieuwsblad tanggal 17 Februari mah, dina waktoe koemboelan Wetgevende raad, tempat noe lajeng (tribunes) mani dsdet heurin oesik koe noe harajang njaho, sabab aja hidji elid, kaom nationalist, anoe ngasorkeun hidji motie van wantrouwen ka pamarentah tina perkara hervormingcommissie.

Dina eta motie disebetkeun, jen, Raad emboeng mi'oe tjampoer kana eta commissie sanadjan koomaha roepana oge.

Anoe moeroestel (voorsteller) nje boetkeun teu neundeun kapertjaan ka oerang Inggris djeung koe katoloeanan Commissie tina perkara kaa-jaan, sadjarah katoet poelitik Indie sama sakali teu boga pisan liuk (onbevoegd) pikeun ngajilaneun pagewaanana. Eta leden teh taja bidana djeung tarompet kantor pa-parentahan, babakone Minister voor Indie. Kitos deui masalah Indie teh moal bisa kadoegdjorgan (kaoedag) sanadjan koe commissie naon oge.

Toengtoengna panerangkeun voor-steller eta motie teh, njeboetkeun jen sakabeh nationalisten henteu pisan moengpang kana roepa roepanng perdamian, ngan emboeng djadi wal-dal eta commissie bae. Djeungna deui satoengtoeng oerang Britsch Indie koe oerang Inggris ditalikoeng make sabook wadja mah (stalen gor-nell), geus taja petana aja hal anoe bisa kalaksanakeun.

Ti samemehua ieu motie dikate-ngaheun, geus langtje leuwih asak baton di oerang ngabadamikeunana di piloearen sameuhel vergadering, sarta sitkabeh oerang pribumi sakoer anoe boga poetjoes wah. (Nja tj-ra di oerang bae, meureun! corr) pada dipointangan soepaja miloe njetem kana eta motie.

Atoe dina waktiona teh, sipating lid bangsa pribumi mah ti soeklakna ti sikloekna, ti naangkorek lila poek, ti naanggerang lila beurang, pada daratang merloekeun rek njetem poer kana eta motie. Malah aja hidji wa-wakil djenenganana djoeragan Achmad Vishandas, senadjan andjeunna keur teu damang pajah, tapi koe tiuna nohoan kana „roeping“ kabangsaan, matakau andjeun soemping ti Karachi ka Delhi (tempat koemboelan tes) dibelaan toenggang ziekend-auto.

Tapi handjaka sarewoe handjaka maksoed anoe sakitoe djoenoenna teh teu tostoeg sabab poepoes di satengah jalani.

Toehhhh . . . sakitoe batoer mah poporoze, sosontrolna kana kamerdi-ka an teh, estoe teu aja pisan anoe dihi ding, ton pati dija raga ngabelana kabangsaan ten lain semet biwir bae, tapi reudeung prakna.

Koemaha sri di oerang? Djadja oeheun nepi ka kitoe teh, malah tjageur tjageur oge, ari tjeuk kabar angin mah, ngadak ngadak gegeringan; bassa keur ngabadamikeun In. meer derheid tea, geuning!

Kira-kirana di disu, di tanal: oerang aja noe pisasangklengen kitre tjara di batoer? Wallo hoe 'Alam ka hareup mah, nja bisa jadi ajana; tapi ari saeueun mah dja poek slah manau peuting teu kadeuleuna, tapi sakitoe deui doeka, dina seuhseuhanana mah, m'aloem leuwih djero beunang diteuleuman, ari wawanen djelema mah hese. Ngan aja oge anoe beunang diwangwang mah meueusan, taja petana oerang bisa nimoe manggib ti pihak wawakil anoe dibenoem, sabab keuna koe babasan atawa katjapangan

„sarere oge pada mi hape kuen tikoro“. Inghale kitoe, ari djelema mah tara kapisungguhan, mapan aja paribasa „maling tak sira'n“; moal enja bae aja kalinah kitoe, lamoen tara radjeun kadjadian.

Djadi sarat oerang oleh pondok pangarepan, soegan bae di lelewok orang isook djanagan pageto, aja seke seler anoe loear biasa, sasang kleng tjara batoer, dina oeres-oeresan ngabelaan bebeneran. Tam bana teu aja lian, kadjaba ti oerang sarera goeloeng djadi hidji njekalan ki Bener tea asil oleh nirtja tina gembengan oewet bae, bisi tidjedag Oea Nany.

Pikeun koering anoe bodo ngarauskeun poetoesan hakim Laundreh noe parantos kakalonan sareng noe katingal koe koering ectoe matak bingoeng, geura kieu perkaraan“.

Koering Hardjo-prowito djeung batoer sadesa ngarana Nata oerang desa Bandjar Asdeing Tasikmalaja, geus badi-mi sareng Mas Soemarta oerang Leuwii oeroeg Tasikmalaja keneh, djeual beuli soeioeh, sanggeng koering

„mas Soemarta 2-3 diuten koering taris ngirim soeloh 1 Wagen har-

ga sakoemaha noe geus dijangdji-keun tea, ngan peupendjeuh pas eta soeih sanggeng katarima koedoe geuwat pasrahkeun ka Pecilitie oleh sampe lat, Soemarta parantos sanggoep sakoemaha pamenta koering.

Kari-kari koering disaer ka Katjamatan jen koering ngelakteun pas kajoe bakar noe dikirimeun ka Soemarta tea, asteoh koe koering di tangkeun sakoemaha perdjandian sareng Soemarta tea, koe lantaran kitoe isoekna koering ka Tasikmalaja nanjakeun ka Soemarta naha djadi kieu, sanggeng Soemarta soem ehoe koering parantos lepat, malih laju anoe emang bae, aja deui pas anoe elat teh kiriinan soeioeh ti Suedarma Tjisaga, tapi koering geus cindena di bedreh f 1,— di dieu koering ngafas lega djadi parantos dihoekom salasahidji. Soemarta netepan djangdjina,

Kari-kari poen Nata disaer kana rol di Bandjar didenda f 1—

Koering deui dina tanggal 27 Januari 1928, disaer kana rol, tapi samemeh dihoekom koering oendjeukan ka djoeragan Djakas, nerangkeun perdjandjian sareng Soemarta sareng ngoendjoekken jen Soemarta geus] dihoekom f 1,— di denda lantaran ngelakteun pas tea.

Dawoehan djoeragan djaksa, enja Soemarta geus dihoekom denda f 1,— tapi eta salah nja eta denda an dipcelangkeun deui.

Suatu noe salah mah zaha bae noe aja rengkona dina eta pas, eta anoe uanggueng salah, kitoe tjeuk Wetua, „Ke djoeragan“ sauggeun koering ka djoeragan Djakas.

Kapoengkoer abdi, dipiwarang koe djoeragan Achmad Atmadja, meser kai, nja abdi pesen ka Alnasin oerang Tjisaga, ditjariosan koe abdi koedoe ngirim kai ka djoeragan Achmad Atmadja ari pas mat Alnasin bae, tapi kai ditarima koe koering di Bandjar perdjandjian beres, kai parautos di kirim ka djoeragan Achmad Atmadja.

Kari-kari eta pas lat' ari latua di djoeragan Achmad Atmadja.

Alnasin disaer ka Katjamatan Tasik tapi prabina ten tarima lepat, sabab parautos masrabkeun kai dina Wagen S. S. Bandjar ka „kang Har-djaproewito“ sareng tempora 7 dinten deui, nja koering disaer ka Tasikmalaja di kantor Katjamatan koering enja ngabenerkeun tjariosan Alnasim sareng koering tarima salah lantaran harita katrima trees dikirim ka Djoeragan Achmad Atmadja.

Dawoehan djoeragan Djaksa „benteu perkara pas mah tetep noe salah teh noe aja ngaran dina pas bae.“

Koering oendjeukan deui koe djoeragan Djaksa, „koemaha djoeragan oe-pami abdi ngintoen kai dipasihau tempo 4 diuten, perdjalanan sepoer Bandjar Tasikmalaja.

Kari-kasi aja karoessakan di djam-batan Tjitaodej, djadi eta pas lat katerimanana koe noe pesen, eta koe maha? salah keneh anoe boga raga ran dina pas?

Dawoehan djoeragan Djaksa, ach eta mali henteu, asal aja peklaring ti Chef bae.

Nja ladeng dihoekom koering koe Landreh denda f 1,—

Tanggal 6 Februari koering pelesir ka Babakan Soenda Tasikmalaja baji neopongan ka Soemarta, naroskeun enja deudan teh noe f 1,— dipoe-langkeun? Tjeuk Soemarta abdi teu nuupa, ari di rol didenda f 1,— mah leres!

Tah noe maos Sip. di dieu koering biungeng teh“

1: Nilik dina perkara koering noe ngirim noe salah, noe ngirim „noe di hoekom“.

2: Dina palebah djoeragan Achmad Atmadja, noe narima pas noe salah sabab di dinja elatun,

3: Beuki angot dina palebah koering mah noe ngirim dihoekom noe narima dihoekom dendgaan boektina teu dipolelangkeun, sanadjan dipolelangkeun kapau ari dendaan teh gaganti di boei, koemaha dipolelangkeuna?

Redactie Sip, koe lantaran koering bingoeng, tjk salambar Sipatahoenku ieu, njoehoekun kasembahkeun ka pajoenan Padoka Kangdjeng toean Resident Oost Priangan nedaa dipasihan bongbolong soepadus abdi oleh bi-ngoeng teuing pikeun ka pajoenna.

Abdi poen

Hardjoproewito.

Toean Resident salamina oge diken-toenan.

Adm.

Waleran serat-serat.

Hatoer njoehoekun nampi ti djr. Ijon W. O. Tjisakong f 150 kw. I '28, ti R. Tisauwata R. O. Padawara f 3.— kw. I. II. '28, ti djr. Spt. Lg. No. 546 f 6,- anggoen taoen '28.

Djr. Wr. Biagendong. Boekoe rakataan salat seep.

GRATIS.

Oepami ngintoen ti ajeuna f 1,50 atanapi langkoeng anggoen langgan Sip., dikintoen Sipatahoenan gratis ti ajeuna doegi ka ping 1 April '28.

Sakola Mulo „Pasoen-dan“ di Tasikmalaja.

Dina sasis Juli 1928 di Tasikmalaja baje ditneka sakola Mulo subsidie koe pagoejoeban „Pasoen-dan“.

Eta sakola bade ngajakken doea voorklas sareng hidji klas hidji.

Sepoeh-sepoeh noe bade ngajakken poetrana disoehken, kersa ngawartosan ti ajeuna ka Kapala H. I. S. tempat sakola poetrana (zie pag. 1)

TOKO

Universeele Agentschap

NIC MULLER

Goenoenglaod 15 Telepon No. 26.
TASIKMALAJA.

Nembe nampi Verbandtrommel (tom-pat oebar kaperloean sadijut).

Perloc keur ssaja djelema noe tebih ti doktor.

Katjida perlocna keur sadias di bale desa soepaja sadaja djelema bisa dicebaran oepama potong, rahuit, zrag, barareuh, njeri beuteung, njeri panon katjida atawa dipatjok oraj Diua ieu verbandtrommel sadia sagala roepa oebar kaperloean sapo-po.

Tjobi soemping ka Toko atanapi njeratan engke diterangkeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng NIC MULLER.

N. B.

Di toko kenging moendoet prijcon-rant teu kedah majar.

TECEL FABRIEK

„NAJA“

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, beton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangao sareng kukiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng-ngadjeng S. Najawilaga.

Nembe medal:

Goeggeritan pangadjaran ngad-ding

f 0.07

Kalepstan postra, dosana iboe rama

f 0.50

Rasiah koseir II f 0.30

f 0.45

Neng Hajaoi f 0.50

Nampi padamelan tjtakan boekoe-boekoe.

Toko en Drukkerij

„PASOENDAN“

Tasikmalaja.

ELECTROTECHNISC BUREAU

C. A. GRANPRE MOLIERE

Naripan No. 103 Telepon No. 2120

BANDOENG.

Mendjoel dan bikin betoel MAGNEET, Dynamo, Starter, Accu, Doico enz.

Segala barang jang didjoel dan dibikin betoel, dengan me-

make tanggoeng (garantie)

Kaloe toean maos twoe, kebaikan dan kebagoesannja daga-

Advertentie Boboran Siam.

Para Djoeragan noe ngintoon f 0.50 sareng kartis, djeunganana dilebetkeun kane Sipatahoenun, minangka batoer silatoerahmi ka sadja. Modelna sapertos biasa teu kenging langkoeng ti 4 djadjar sekoluom. Oepami palaj langkoeng ageung turjuna benten.

Ieu stoeran katida ogenteukgeuna na ka para Djoeragan margi cepami ngagaleuh kartis sareng parangko mah sabaraha seshua sareng sabaraha ongkosna.

Katampina ieu tjonto advertentie kedah paliu lat ping 25 Siam atanapi ping 17 Maart '28.

Model ! ?

Ke, ke, lanan, celah roesoh roesoh ki Silah. Naha koering koedoe djol djoel mertjaja bae kana advertentie dina Sip. No. 34 teh, atawa entong?

Ari teu mertjaja pirakoe teu hideng, moal enja bae djelema sagede-gede tjiara drjg A. Atmadja ugawidan neudeun advertentie (puaten van de Agenda keur koempoelan R. Raad Tasik) laenoen teu enja, djeung pirakoe Raad mere agenda palese, estoe pamohalan kana akon akona.

Ari djol habeb bae mertjaja da eta pasalia pisan djeung Raad anoe sok kadongkoe koering, djiwa teu sapagodos, anoe teu loembah di ditoet, bet di Tasik mah dijieuun denes dijiana. Pirakoe ari eta Raad teu njoempinan mah kana angger-anggeranana, satoe moestabil. Da Voorzitterna saroea pada Voorzitter, Dalem, atoe elidna saroea pada elid, pantjadriana saroea, mastakana saroea pada hidji sewang, ngan doeka eusina. Eta mah suba noer terang, da koering mah lain doekoen Eropa.

Orde diau waktoe koempoelan atoe di ditoet mah moal leuwih aloes batan di sedjen tempat, da mani djeppi tjiara gaang katintjak tjenah, tjeuk noe aroeninga mah, ngan oeknor sora paloe noroekot tjara borondong. Bet teu tjiara di noe sedjen wang-weng-wong, ngarotjolak ngomong sakarep karep, tjiara noe teu ceuinga kana orde djeung tucht. (Hi bi hi koetan Cerr.)

Ari pangna helok, mangmang, assa rek mertjaja teh sapedad eta dina agenda teh aja kasehoe, punt ngabermopakeun nambah gadjh dji. Sas-tranagara Opzichter djeung drjg. Soera-atmadja 2e. clerk."

Naha bet ieu punt teh koedoe dibadamikeun koe Raad! Lain tjoekoep koe kuwasaan Voorzitter djeung Secretarie bae!

Model nja!

Da ari di ditoet mah, meunang bedja etjes pisan ti salasaoerang elidna, madjarkeun teh, sok soemawonna verhooging gadjh sanadiang ngabenomen oge, tjoekoep koe Voorzitter. Malah djoeragan-djoeragan koemetir-koemetir oge dimans geus aroeningaun, tjoekoep koe njaho diberes bae, tara lob pantjaraken, koedoe koempoelan tea, koedoe kitoe tea, kieu tea.

Raraos poegoeb oge anggahota di ditoet mah, tara ieu milos bese tjepe; dimans radjeun roeang rieong, tama beres, teu koedoe tjiara soenqel, poetoes bae koe gado ngagajot

Sakitoes binangkit, binekasna pa-ngoeroes di ditoet mah.

Tjara eta dina babroeting-bahroeting, anoe sok disareboet hege, penting, koe batoer teh, hiss moal aja gampang! Koe dibatua sadjam kadeuna oge geus paragat. Da geus assak tea, hisa tea noe njeunna, henteu tjiara di nce sedjen, harjo: toe-toeng atahan, make koedoe retjol heula reboet hebeveran; assa kabinna bina eta mah. Naha naon hesena njaboet "daw...woeh, uaksenn....ni". Pirakoe make rek asa asi mer-tjaja ka noe ngoeroes, kwpn naktice loeheng ageungna, patiuter pertentang teu aja kekoerang.

Ieu mah hajothih nareangan pigeween. Koe bodo!

Koe sabab eta koering mah, rek mertjaja kaan eta advertentie teh, engke dimana dina Sip. geus aja verslagna eta pahadreng; ajeuna mah rek ngadedengeukeun bae lanan.

Njirocrombeng.

Tanggal 1 Juli 1928 ngadeg sakola H. I. S. di Bandjar.

Djoeragan noe maos Sip. moal lali

kapoengkoer djisim koering, parantos noelis dina Sip. nerangkeun midamel sakola partikoelir pibekelueun njoe-hoekueun H. I. S. ka panggoeng; Ajeuua h-sil nja eta dibekaua tt. 1 Juli 1928 timana koering bies terang? ti Djoeragan Wedata ti djoeragan Tjamat, sareng ti djoeragan Schoolopziener, malin ti Kangdjeng Toean Assistant Resident Tjiэмis pisan, waktis nungalan pitim-patsunnana sakola.

Koemaha bisa ugadegua partikoelir teh?

Bih tangtoe aja lantaranana, taja lian koe harewosna djoeragan Schoolopziener ka koering, tjenah lamoen hijang dikaboi paneda, koedoe nem-bongkueun boekti hijang, nja koering ngadamel sakola particulir.

Koema teja 'halangauana'? Adoeb poegoeb bae halangauana msh, nja eta bajaran boedak teu sabaraha ari georeuna 4, make aja Walaudana, parantos kempis, ampir bae

Tjing saha noe noeloeng? Taja sanes Djoeragan Wadana R. Prawiranilaga sareng Djoeragan Tjamat R. Hardjaparta, anoe njambeng oe-moe teh. Timana djalana? Taja sanes di soemel koe sedija loerah-loerah noe aja di wewengkon andjeunna. Dalah ti bangsa Tiong Hwa oge sanes saeutik pitoeloengan teh estoe gode katjida ditaramakeunana, ih ana kitoe atoeh koe serere. Poegoeb enja beuer koe sarerea, anoe matak roekoen teh matak dijadi hidji kakoeatan.

Koemaha sababna anoe matak koering hijang katjida ajana H. I. S. di Bandjar? Ari sababna tsja sanes, inget kadoeloer-deloer anoe kirang katjekapanana pikeun njakolakeun ka noe djararaoeh sabab hidji boedak ongkosna teu koering ti f 25.— dina hi-

dji boelan, lamoen aja di Bandjar teu

kedah di etang deui senangna, ka 2 inget djaman Coeminijs djaman sarkat heijo anoe sakitoo gehgeroa, oge didinja koering kawakilan koe abdi abdi di Bandjar njanggakeun panoe-hoens ka Kangjleng Dalem waktos kempelac di kawedanaan njoe-hoekueun di Bandjar di ajana H. I. S. Dawoebanana poegoeb pisan hijangna aja H. I. S. di Bandjar teh nja sa akal-akal soegan aja milik mararaneh —tah nja ajeuna boektona. Oge koering teu weleb-weleb ugauoeheunkeun ka djoeragan Bentemma ka diceragan Satari ka djoeragan Ardi ka Djoeragan Soewita ka Djoeragan Gartijah wireh parantos kersa miwedjang di sakola partikoelir, da ari nilik pangasian mah ngan heateu bie nihil, istoe kakoeping pisan ka palajna teh njetae soepa djiagi H. I. S. Gouvernement.

Koemaha ajeuna pibasaeun koering? Taja sanes hidji atoeh masih atoeung stoeng keneh! ka doea kapau ari oga bakalan teh atawa mimiti ngadeg teh katjida abotus teh eta nah geus teu borong geus teu langkoeng ka sembahkeun ka doenoengan abdi-abdi Bi-djar sadja njetae ka Djoeragan Wadana noe kagoeguan wadjh ajeuna, istoe toemprek kapertjajaan teh ka salira andjeunna.—

poen

H Proewito.

Noe bade ngalebetkeun poetrana ka sakola H. I. S. Bandjar, siug taki takti ajeuna!

Kabar dagang.

BATAWI

	Dit.	Naw.	Lak.
Kopi Rob. Pal.			
Maart/Apr.	—	—	f 59,10
Pedes Lampoeng			f 158%
Pedes bodas	—	—	244½
Karet Sheets	f 0,80½	—	
Minjak serek A	—	—	f 1,80
	B		f 1,77½

Soerabaja.

Goela No. 1 naw. 14¾—15⅓
dit 14½—15.
No. 2 naw. 13½ dit. 13½/16
Karet Sheets + Crepes uom. : 081

K A B A R

(Tina s. k. sanes)

Toean Otto Birnie di Djember dina poë Ahad 19 Februari '28 geus kageling kreta api (snitstrein) sarta harita keneh boebook majitna.

Otto Birnie Landbouwkundig adviseur David Birnie administratie kantoer di Djember imahna deukut djalan kareta api. Otto Birnie doe-

loerna Toean David Birnie radja bako di Djember. Siga sigana eta Otto Birnie ugahdja ugagelengkeun maneh dius djalan kareta api.

—o—

Di Lengkong Tasikmalaja aja djelema dipachet koe batoeran digawe, lantaran buga hoetang teu daek majar.

—o—

Noe meunang Hoofdprijs f 150.000 tiuna lotre La Valette uju eta Sio Buu Tik di Solo (Loc),

—o—

Kapal „Both“ deukut Bothain (Celebes) geus kandas sarta katoecean ditark kue kapal 's Jacob.

—o—

Perkara titeuenuma kapal „Zee-meeuw“ deukut Soerabaja ajeuna koe dipariska naon noe dijadi lantaran nepi ka eta kapal titeuleum.

—o—

Insiujoer Feber noe bareto di Tweede Kamer moerstel soepaja rea-na lid Priboemi leuwih saeutik ti batan bangsa Eropa, ajeuna rek maugkat deui ka Hindia.

—o—

Toean H. Colijn djagi Anti Revolutionair geus datang ka Batawi. Njeboutna datang ka Hindia teh waksoedua taja lian ngan hijang njaho kaajaan Hindia ajeuna, sabab geus 12½ tahoeu ninggakeun Hindia.

Tina perkara Bestuurshervorming katjida Colijn moepaktau oepama Hindia teh dibagi dijadi sababaraha bagian noe gelede (grootere eenheden) celah saperti poeio Djawa ajeuna. Tapi koe neudjo sorangan kaajaan ajeuna soegau robah timbangau koering, kitoe tjeuk katerangau Tuean Colijn.

—o—

Toean Lou de Visser nanja koe lisian ka Minister Kolonien Koningsberger, na kochi kontrak noe meunang hoekoeaman digawena dibareng keun djeung djelema boeungan?

Oepami enja, na Minister kersa njaoet koele ordonnante, djeung mere paroeroegi ka ahli waris djelema djelema noe maraat keur di galian areng vatoe di Sawah Loento aja kahoeuan djeung nambahau pagawe arbeiusinspektie?

—o—

Painarentah Hindia geus mere idin make doiit f 240.000 keur ugaberian Dok Goepemer di Soerabaja.

—o—

Dr. Oertel di Montreal (Amerika) geus mauggh saraf-saraf (zenuwu) dina panjikit kanker Soesoeganan ieu bisa mere djalan keur njageur-koun panjikit kanker.

—o—

Dr. Koks Leeraar di sakola Doktor Batawi geus ujeun hijang oebar noe bisa njageurkeun panjikit lepra. Eta oebar dissobetna Salembine tina ketjap Salemba tempat sakola Doktor di Batawi.

Kahareup eta oebar rek dipetjak pikeun ngoebaran tuberculose.

—o—

Kapal „Leviathan“ nce panggedena sadoenuja 60.000 ton geus kanduis deukut Southampton. Hadena bae bisa geuwat katoeloengan, lantaran laotna keur pasang.

—o—

Wetrevende vergadering di Delhi Hindoestan) moepakat 67 lawan 62 soeara pikeun „ngabaekot koemisi Simon.

—o—

Pagoejoeban BOEDI KAPRIJAJIAN Tasikmalaja.

Ngaloearekuun Kitab Lajang Sjech Abdool Kodir Djaelani, dina aksara Walanda (100 hikayat Lajang sareng 50 hikayat Maukib ± 2500 pada).

Koemargi njitakus henteu rebabokeuna keur elidna, tissa dja-di seepeun noe kapandeurian pesenna.

Pangaos f 2,50 henteu didjilidan f 3,— didjilidan djabi ongkos.

Adres oepami bade pesen ka:

Rd. Kartadibrata
Secretaris B. K.
Kalektoran
TASIKMALAJA.

Schoolmakenij en Koperatief „Malah Mandar“
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tissa nampi pesenan (kengken) ngadamel roepi-roepi raksoken anggeun pameget atanapi moerangkalih modelna tissa noemoekueun koemaha kapai, sareng disajagikeun roepi-roepi la-wonan.

Oge njajagtan slop-slop, sendal-sendal spatu-spatu keut oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kaaer sareng noe sas.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

O. Sasmita.

N. B.

Toedoeng Panama

nos didamai tina palm

f 8,—

" " djalai f 2,50

strobi (pamoslasa) f 0,25

TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG).

Tasikmalaja

Tel. No. 2

Dijaman kamakoean, kilos deul ajeuna piézukon ngentlongkeun kaca per-

dijalanan, disajagikeun Autobus ane-

brangkat ti Tasikmalaja ± djam 5 sendig noe milos ka Cheribon.

" " " 11 slang noe milos ka Cheribon

± 5 endjing milos ka Tasikmalaja

± 11 slang " "

± 11 slang " "

± 11 slang " "